# Bataaxal bi Yàlla may Póol, mu bind ko Filemon

1 Ci man Póol, mi ñu tëj kaso ngir Almasi Yeesu,
ci man ak itam ci Timote miy mbokkum gëmkat
la bataaxal bii bawoo, ñeel Filemon, sunu soppe
bi bokk ak nun liggéey bi. 2 Mu ñeel itam sunub
jigéen Afya, ak Arsipp sunu mbokkum xarekat,
ak mbooloom gëmkat miy dajee sa kër. 3 Yeen la
aw yiw ak jàmm ñeel, bawoo fa Yàlla sunu Baay,
ak Sang Yeesu Almasi.

### *Póol a ngi sant ci biir ñaan*

4 Sant sama Yàlla laa dëkke saa yu ma la
fàttlikoo ci samay ñaan, 5 ndax dégg naa sa gëm
Sang Yeesu, ak sa cofeel ci mboolem ñu sell ñi.
6 Damay ñaan nag sa ngëm, gi nu bokk amal la
njariñal ràññee mboolem ngëneel, yi nu am ci
Almasi. 7 Mbokk mi, mbégte mu réy, ak xel mu
dal laa am ci sa cofeel, ndax ni nga serale xolu
aji sell ñi.

### *Póol tinul na Onesim*

8 Lii nag sañoon naa la koo digal ci turu Almasi,
ndax mooy li la war, 9 waaye tinu la ci ngir cofeel,
mooy li ma taamu, man Póol mu màggat mii,
boole ci léegi tënku biir kaso ndax Almasi Yeesu.
10 Damay tinul Onesim, sama doomu tuubeen ji
ma tuubloo ba mu mel ni maa ko jur ci diir bi

ma nekke fii ci kaso bi. 11 Amalu la woon njariñ*
démb, waaye tey yaak man la amal njariñ.
12 Maa ngi koy yebal ngir mu dellu fi yaw, te
di kenn ci man. 13 Dama koo bëggoona téye fi
sama wet, ngir mu taxawal la, di ma dimbali, li
feek maa ngi ci kaso bi ngir xibaaru jàmm bi.
14 Waaye buggumaa def dara loo àndul, ngir mu
baña doon ndimbalu ñàkk pexe, xanaa loo defe
xol bu tàlli. 15 Jombul itam dees koo tàggale ak
yaw ab diir, ngir nga jotaat ci moom ba fàww,
16 ba dootu doon sab jaam, waaye day wees ab
jaam, di mbokk, di soppe, ma sopp ko lool, te nga
war ma koo gëna sopp, ngir jëmmu boppam, ak
Sang bi ngeen bokk.
17 Ndegam nag sa waay nga ma def, dalal ko ni
su doon man. 18 Su la tooñee, mbaa mu ameel
la lenn, topp ma ko. 19 Man Póol maay bind
fii ci sama loxol bopp: maay fey loolu, duma ci
tuddaale bor bi nga ma ameel, te muy sa njotug
bakkanu bopp! 20 Kon nag mbokk mi, may ma
googu njekk ngir Sang bi, te nga seral sama xol
ndax Almasi. 21 Wóor na ma ci diggante bii may
bind bataaxal bi, ne dinga ma déggal, te xam
naa ne dinga def sax lu wees li may wax.
22 Te itam nanga ma waajalaale ab dal, ndax
yaakaar naa ne dees na ma délloosi fi yeen, ndax
seen ñaan yu nangu.
23 Epafras, mbokk mi ñu ma tëjandool ndax
Almasi Yeesu, mu ngi lay nuyu, 24 mook Màrk
ak Aristàrk ak Demas ak Luug, bokk yi may
liggéeyandool.

---

* **1:11** 11 njariñ: ci làkku gereg turu Onesim mooy tekki «Ku am njariñ.»

25 Yal na yiwu Sang Yeesu Almasi ànd ak seenum xel.

# Kàddug Yàlla gi
## Wolof Bible 2020 revision.
## La bible en wolof; revision 2020

copyright © 2010, 2020 La Mission Baptiste du Sénégal

Language: Wolof

Dialect: Regional Wolof

Translation by: La MBS

For complete copyright statement, please see http://sng.al/copyright
This translation is made available to you under the terms of the Creative Commons Attribution-Noncommercial-No Derivatives license 4.0.
You may share and redistribute this Bible translation or extracts from it in any format, provided that:
You include the above copyright and source information.
You do not sell this work for a profit.
You do not change any of the words or punctuation of the Scriptures.
Pictures included with Scriptures and other documents on this site are licensed just for use with those Scriptures and documents. For other uses, please contact the respective copyright owners.

2020-07-22

---

PDF generated using Haiola and XeLaTeX on 11 Nov 2022 from source files dated 23 Jul 2020
eb088fb7-76e3-5c5f-ab35-a0da6cd8fd40